

**WUJULANG  
BASAA**

•  
**JILID 2**

**WULANGAN  
BASAA JAWA  
SEKOLAH DASAR**

•  
**KELAS 2**

 **penerbit  
INTAN**



**Wulang Basa  
Jilid 2**

**Wulangan Basa Jawa  
Sekolah Dasar  
Kelas 2**

**Edisi Kapisan  
1981**

**Penerbit INTAN**



**Racikane**

Drs. Much Sahid

Drs. Wahyudi Soejono

Istandar Hadipranoto, B.A.

Hisyam Zaini, B.A.

Siswadi, B.A.

*Lulus dalam penilaian*

*Kanwil Dept P kan K Prop JATIM*

*No : 313/104.1/T4 81*

*9 Juni 1981*

## KATA PENGANTAR

Kita telah melaksanakan Keputusan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan R.I. No : 008.C / U / 1975 tentang Pembakuan Kurikulum Sekolah Dasar sejak tahun 1976. Khusus untuk pelaksanaan Bab IV, pasal 6 ayat 3 yang berbunyi : "Bahasa Daerah merupakan bagian Bidang Studi Bahasa Indonesia, khusus bagi sekolah di Daerah yang memerlukan pelajaran Bahasa Daerah". Dalam hal ini kami telah dapat menyusun Garis-Garis Besar Program Pengajaran (GBPP) Bahasa Daerah untuk SD dan dapat dipakai mulai tahun ajaran 1980/1981.


Kiranya kurang lengkaplah bila keluarnya GBPP tersebut tanpa disertai dengan buku - buku pelajaran bahasa Daerah.

Oleh karena itu, kami merasa gembira dan terimakasih kepada para penyusun buku Bahasa Daerah yang telah berhasil menyusun buku Wulang Basa , buku pelajaran Bahasa Daerah untuk Sekolah Dasar sesuai dengan GBPP Bahasa Daerah yang kami keluarkan, sehingga buku tersebut sementara dapat menunjang pelaksanaan pendidikan Bahasa Daerah (Jawa) pada SD - SD di Jawa Tengah.

Harapan kami, semoga dengan terbitnya buku Wulang Basa ini akan lebih memperlancar pelaksanaan dan pencapaian tujuan pelajaran Bahasa Daerah. Hal ini sesuai pula dengan pidato Bapak Gubernur Kepala Daerah Tingkat I Jawa Tengah pada Lokakarya Bahasa dan Sastra Daerah Jawa Tengah di Semarang pada tanggal 29 Maret 1979, yang ha-  
kekatnya mengharapkan agar Bahasa dan Sastra Dae-  
rah dapat dibina dan dilestarikan.

Semarang, 1 Juni 1980.

Kepala Kantor Wilayah Departemen P dan K  
Propinsi Jawa Tengah,



(rs. KOESTIDJO )  
NIP : 130430069.

## Bebukaning Atur

Nuwun, para nupiksa.

Wontenipun kula sakanca ndhapuk Buku Wulang Basa kangge Sekolah Dasar punika, esthining manah kula amung kepengin ndherek nguri-uri Basa Jawi tetilaraning para leluhur, ingkang satuhu adi luhung.

Wedaling Buku Wulang Basa punika nyarengi saha nyengkuyung dhateng cak-cakaning Kurikulum Sekolah Dasar 1975 ing babagan Basa Jawi. Mila, pandhapukipun buku punika sampun kadamel keblok, salaras kaliyan GBPP-nipun pisan ingkang dipun wedalaken dening Kantor Wilayah Departemen P dan K Propinsi Jawa Tengah.

Mugi-mugi Buku Wulang Basa punika saged suka sumbangsih *sawatawis* tumraping kemajenganipun Basa tuwin Bangsa punapa dene Negari ingkang nedheng-nedhengipun sengkut gumregut ngayahi Pembangunan Agung adhedhasar Pancasila tuwin Undang-Undang Dasar 1945.

Nuwun.

Semarang, surya kaping 1 Nopember 1980

Aturipun para pandhapuk

## Isi Buku

Wulangan 1	.....	1
Wulangan 2	.....	9
Wulangan 3	.....	18
Wulangan 4	.....	27
Wulangan 5	.....	37
Wulangan 6	.....	46
Wulangan 7	.....	56
Wulangan 8	.....	66
Wulangan 9	.....	76
Wulangan 10	.....	85

## Wulangan 1

### I. A. Pacelathon

#### *Tindakna!*

Handana : Ning, nong, ning! Ning, nong,  
ning!

Bapak : Apa ta Han, kok jogedan?

Handana : Kula seneng, Pak!

Ning, nong, ning, gung!

Bapak : Buku apa ta kuwi? Kok dieng-  
go jaranan?

Handana : Jaran negar momot . wajik,  
Handana bingar rapote apik!

Bapak : Ning, nong, ning, gung. Dlang  
gentak, dlang gung!

Ha ha ha ha ha!

Ibu : Tobil, tobil! Iki mau reyogan  
ta, Han?

Handana : Inggih, Bu, kula seneng sanget!

Bapak : Kuwi lho, Bu! Handana mung-  
gah klas loro, terus reyogan!

Ibu : Coba, gawanen rene! Rapot  
kok dienggo jaranan!

Handana : Mangga, Bu! Hi hi hik!

**B. Wacanen kang patitis, kedalna sing trep!**

1. a. Banyune bening.  
b. Beninge kaya kaca.
2. a. Klambine kuning.  
b. Kuninge kaya kembang kenanga.
3. a. Bulikku tindak.  
b. Bulike Aji ana ngomah.
4. a. Praba duwe pitik.  
b. Pitike Praba telu.
5. a. Itak duwe jangkrik.  
b. Jangkrike Itak ngerik.

**II. Maca titi**



## **A. Wacanen sing titi!**

### **Minggah Klas Kalih**

Handana putranipun bapak Budya.  
Larenipun pinter tur sregep.  
Sabèn dinten Handana mèmèng sinau.  
Kala klas satunggal sampun wantun sekolah piyambak.  
Manawi sinau boten sisah dipun dhawuhi.  
Handana purun sinau piyambak.  
Bukunipun resik, dipun samaki.  
Handana minggah klas kalih.  
Rapotipun sae, malah nomer satunggal.  
Kanca-kancanipun seneng kaliyan Handana.  
Handana lare grapyak.

## **B. Wangsulana kang patitis!**

1. Handana putrane sapa?  
Handana putranipun .....
2. Handana klas pira?  
Handana klas .....
3. Piye sinaune?  
Sinaunipun .....
4. Yen sinau apa ndadak didhawuhi?  
Sinaunipun .....
5. Piye rapote Handana?

- Rapotipun sae, malah .....
6. Geneya kancane padha seneng karo Handana?  
Amargi Handana lare .....

### III. Latihan

#### A. Tuladha:

- a. Rapotipun Handana sae, rapot kula .....
- b. Rapotipun Handana sae, rapot kula awon.

#### Gawenen kaya tuladha!

1. Griyanipun Handana **tebih**, griya kula .....
2. Wit cemara punika **inggil**, wit kenanga punika .....
3. Adhinipun Bima **pinter**, adhi kula .....
4. Toya sumur **bening**, toya lepen .....
5. Adhi kula **lema**, adhinipun Darwis .....
6. Liman punika **ageng**, kancil punika .....
7. Gendhis reginipun **awis**, sarem reginipun .....
8. Handana **sregep**, adhinipun .....
9. Wisnu **kendel**, Wahyu .....
10. Bukunipun Martini **kandel**, bukunipun Susi .....

**B. Tuladha:**

- a. Bapak maos .....
- b. Bapak maos **koran**.

*Rampungna kaya tuladha!*

1. Embah ngunjuk .....
2. Budhe dhahar .....
3. Ibu mundhut .....
4. Pak Mantri mriksani .....
5. Bu Guru nimbali .....
6. Handana ngampiri .....
7. Nursih makani .....
8. Bulik ndulang .....
9. Tarmana nggoncengaken .....
10. Maryati nanem .....

**C. Tuladha:**

- a. Bapak dereng siram.
- b. Bapak durung siram.

*Gawenen ngoko kaya tuladha!*

1. Ibu dereng kondur.
2. Budhe saweg sare.
3. Pak Dhokter sampun wungu.
4. Bapak badhe tindak.
5. Bulik mundhut uwos.

6. Embah ngunjuk jampi.
7. Pakdhe mriksani ringgit tiyang.
8. Pak Guru maos serat kabar.
9. Pak Pringga lenggahan piyambak.
10. Pak Guru jumeneng wonten ngajeng klas.

***D. Wacanen kang patitis banjur turunen!***

1. Suyud ngingah peksi **glathik**.
2. Pesonipun Panut **kethul**.
3. Badrun ngangge rasukan **bathik**.
4. Lawuhipun **bothok** urang.
5. Jadahipun dipun **thothol** ayam.
6. Santenipun kirang **kenthel**.
7. Welas dipun **slenthak** kapal.
8. Segawonipun Yohan **nglethak** balung.
9. Andri tumbas **gethuk** lindri.
10. Rasukan kula **kecanthol** paku.

***IV. Tembangna bebarengan!***

**Kembang Mlathi**

Dakpethik pethik kembang melathi,  
 daksebar sebar ngareping puri,  
 rame swarane samya sesaji,  
 dak asurak-surak hore!

V. Gambar iki setitekna banjur critakna!


A.



B.



C.



D.



## Wulangan 2

### I. A. Pacelathon

#### Tindakna!

#### Simbah Rawuh

- Praba : Dhik Aji, Simbah kae lho!  
Aji : O iya! Simbah rawuh, Simbah rawuh!  
Itak : Cimbah lawuh, Cimbah lawuh, aku ceneng!  
Simbah : Iya iya, kene kene, iki ditampani!  
Praba : Inggih, Mbah! Kula tasipun!  
Aji : Kula pisangipun, Mbah!  
Itak : Kula lambutan, Mbah! Paleng, Mbah?  
Ibu : Lho, lho, iki piye ta! Kok oleh-olehe sing ketok! Cah-cah ki, wis ta nakale! Mangga mangga, Bu!  
Simbah : Lumrah ta, wong bocah cilik!  
Itak : Itak ola nakal kok, Bu! Itak pintel!  
Simbah : Iya iya, Itak pinter! Kabeh pinter, kabeh bagus!

## **B. Wacanen kang patitis!**

1. **Simbah** ngasta **jadah**.
2. **Jadahe** gurih.
3. **Embahe** Aji daleme **Gesi**.
4. **Rikmane** Embah **putih**.
5. **Putihe** kaya kapuk.
6. Bapak kagungan **sawah**.
7. **Sawahe** Bapak amba.
8. Bu Lurah durung **rawuh**.
9. **Rawuhe** mengko sore.

## **II. Maca titi**



## **A. Wacanen sing titi!**

### **Embah Rawuh**

Embahipun Itak, Aji lan Praba rawuh.  
Dalemipun Embah ing dhusun Gesi.  
Manawi rawuh sok sekalian, kala-kala pi-  
yambak.  
Anggenipun ngasta angsal-angsal mbreng-  
kut.  
Angsal-angsalipun warni-warni.  
Pisang ambon, pisang raja, lan pisang ke-  
pok.  
Embah ugi ngasta rambutan.  
Jadah inggih ngasta.  
Jadahipun gurih sanget.  
Praba, Aji, lan Itak sami bingah manahi-  
pun.  
Lare tiga lucu sadaya.  
Ibu lan embahipun boten kendel-kendel  
anggenipun nggujeng.

## **B. Wangsulana kang patitis!**

1. Sapa sing rawuh?  
Inkang rawuh .....
2. Embahe Praba daleme ngendi?  
Embahipun Praba dalemipun .....

3. Embah ngasta apa?  
Embah ngasta angsal-angsal .....
4. Geneya Ibu lan Embah ora kendel,  
kendel anggone nggujeng?  
Amargi lare-lare sami .....

### **III. Latihan**

#### **A. Tuladha:**

- a. Jadahipun .....
- b. Jadahipun **gurih**.

*Rampungna kaya tuladha, pilihèn tembung sing cumawis ing ngisor!*

1. Asem punika raosipun .....
  2. Gereh punika .....
  3. Jampi ron kates punika .....
  4. Sambel punika .....
  5. Lisah klentik punika .....
  6. Jampi wos kencur punika .....
  7. Jeram purut punika raosipun .....
  8. Anggenipun njangan raosipun .....
- |             |           |
|-------------|-----------|
| a. cemplang | e. pedhes |
| b. getir    | f. pait   |
| c. legi     | g. asin   |
| d. getar    | h. kecut  |

**B. Tuladha:**

- a. Embah ..... oleh-oleh.
- b. Embah **ngasta** oleh-oleh.

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing cocog,  
kaya tuladha!*

1. Ibu ..... jamu.
2. Jayus ..... wedhus.
3. Mangil ..... krambil.
4. Jarot ..... potelot.
5. Pedro ..... peso.
6. Binu ..... buku.
7. Bambang ..... kembang.
8. Tarmi ..... klambi.
9. Dullah ..... kolah.
10. Lanjar ..... latar.

**c. Tuladha:**

- a. Mursid (nyunggi, mikul, nyengkelit)  
arit.
- b. Mursid **nyengkelit** arit.

*Tembung njeron kurung pilihan sing cocog,  
kaya tuladha!*

1. Bulik (ngindhrit, nggendhong, nyunggi)  
adhik.

2. Parmun (nglecepi, nguliti, ngonceki) pelem.
3. Potelote Wanti (kethul, bujel, go-wang).
4. Ratih (nyamaki, mbunteli, mungkus) bukune.
5. Bolahe (pedhot, tugel, putung).
6. Swarane Bima (banter, rikat, seru).
7. Nursih (nyurung, nggeret, netah) adhi-ne.
8. Pakdhe (ngaturi, ngundang, nimbali) Mas Bima.
9. Rini (ngresiki, ngumbah, mususi) be-ras.
10. Wetenge (ngelu, ngethok, mules).

**D. Tuladha:**

- a. Ibu tindak pasar.
- b. Ibu tindak ngendi?

*Gawenen ukara pitakon kaya tuladha, nganggo tembung: ngendi, pira utawa sapa!*

1. Sinta saka Surabaya.
2. Bukune Marni ana njero lemari.
3. Bebeke Jupri pitulikur.
4. Buku iki regane telung atus rupiyah.
5. Tarmana nggongcengake Wisnu.

6. Sing rambute cendhak kae **Sumiyati**.
7. Kae **pakdheku**.
8. Putrane Budhe loro.
9. Bapak tindak **Sala**.

**E. Wacanen kang patitis, banjur turunen!**

1. **Dhadhane** Siwa tatu.
2. Hawane **adhem**.
3. Kucinge **Dhidhit** nyolong **dhendheng**.
4. **Dhuwite** Sumiyati dicelengi.
5. Mbak Murni tuku **endhog** asin.
6. Yen kesed sinau mesthi **bodho**.
7. Bandi nabuh **bedhug**.
8. **Landhung** mendem **gadhung**.
9. Kae swara **bendhe**.
10. Sirahe **Bandhot** ketiban **bendho**.


**V. Turunen banjur tembangna!**

**Padhang Bulan**


Yo pra kanca dolanan ing jaba,  
 padhang bulan padhange kaya rina,  
 rembulane ne angawe-awe,  
 ngelingake aja padha turu sore.

V. *Gambar iki critakna!*


A.



B.



C.



D.



## Wulangan 3

### I. A. Pacelathon

#### Tindakna!

#### Ngingu Pitik

Swara pitik: Gog gog petog! Gog gog petog!

Praba : Dhik Aji, pitike ngendhog maneh, Dhik!

Aji : Nek petog-petog ki ngendhog ta, Mas?

Praba : Iya, mesthi!

Itak : Ndhoge wis pila, Mas?

Aji : Ngarani pira kok pila!

Praba : Ya ben, Dhik, *Dhik* Itak isih pelo kok!

Aji : Wis lolas! Ngleti pa ola lolas?

Itak : Ngleti wae! Cepuluh kalo lolo ta!

Praba : Dhik Aji aja nakal! Aja nirokake dhik Tak!

Aji : Mesakke ta, Mas?

Praba : Lha iya! Malah wurukana! Suk, yen endhoge wis netes takwenehi!

Aji : Suk dadi pitik kabeh, Mas?  
Itak : Aku ya njaluk ya, Mas!  
Praba : Iya, suk takwenehi, anggere  
ora nakal!

**B. Wacanen kang patitis, tembung sing cacapane kandel kedalna sing trep!**

1. a. Siwa panen **semangka**.  
b. **Semangkane** gedhe-gedhe.
2. a. Aku duwe **kanca**.  
b. **Kancaku** akeh.
3. a. Jarot ngingu **pitik**.  
b. **Pitike** Jarot lemu-lemu.
4. a. Aku duwe **bulik**.  
b. **Bulikku** dadi pramugari.
5. a. Murti tuku **payung**.  
b. **Payunge** Murti kembangan.
6. a. Aku duwe **sarung**.  
b. **Sarungku** anyar.
7. a. Retna methiki **lombok**.  
b. **Lomboke** abang-abang.
8. a. Aku tuku **kompur**.  
b. **Komporku** sing lawas rusak.

## II. Maca titi



### A. Wacanen sing titi!

#### Ngingu Pitik

Praba ngingu pitik. Pitike Praba ngendhog.  
Endhoge rolas. Sing papat didadar, sing  
wolu diengremake. Sing pitu netes, sing siji  
kopyor.

Praba seneng banget, banjur tetembangan:

Aku duwe pitik, pitik tukang.

Saben dina takpakani jagung.

Petog, gog gog, petog petog!

Dhoge wolu, dakngremake netes pitu.

Kabeh trondhol tanpa wulu.  
Mendhal-mendhol gawe guyu.

Praba seneng atine.  
Adhine diwenehi loro-loro.

**B. Wangsulana kang patitis!**

1. Praba ngingu apa?  
Praba ngingah .....
2. Pitike Praba ngendhog pira?  
Ayamipun Praba nigan .....
3. Endhoge sing didadar pira?  
Tiganipun ingkang dipun dadar .....
4. Sing netes cacahé pira?  
Inkang netes .....
5. Adhine diwenehi pira?  
Adhinipun dipun sukani .....

**III. Latihan**

**A. Tuladha**

- a. Endhoge wis .....
- b. Endhoge wis **netes**.

*Ukara-ukara iki rampungna kaya tuladha,  
pilihén tembung sing cocog sing cumawis  
ing ngisor!*

1. Srengengene durung .....
2. Rembulane wis .....
3. Kembange durung .....
4. Payunge ora bisa .....
5. Adhiku wis .....
6. Lampune wis .....
7. Wedange durung .....
8. Segane durung .....
9. Udane durung .....
10. Banjire durung .....

- |             |              |
|-------------|--------------|
| a. surut ✓  | f. mlethek ✓ |
| b. terang ✓ | g. ndadari   |
| c. mateng ✓ | h. mekrok    |
| d. umob ✓   | i. megar     |
| e. murub ✓  | j. lair ✓    |

**B. Tuladha:**

- a. ngingu – Praba – pitik
- b. Praba ngingu pitik.

*Gawenen ukara kaya tuladha!*

1. Pak Dhokter – laraku – nambani
2. ndandani – Bapak – pager
3. bonekah – nggendhong – Samirah
4. Rapingun – jaran – ngajari
5. mbunteli – Budhe – tempe
6. radhio – nyetel – Pedro
7. tamu – Bapak – nemoni

8. makani – Nasrun – manuk
9. adhine – Ratih – nggocengake
10. Parwi – anggrek. – nandur

**C. Tuladha:**

- a. Praba ngingu **pitik**.
- b. Praba ngingu **apa?**

*Gawenen pitakon nganggo tembung: apa, sapa, utawa pira!*

1. Endhoge sing didadar **papat**.
2. Kae pitike **Praba**.
3. Praba ngingu **bebek**.
4. Bebeke Rudi **sanga likur**.
5. Pitike Praba dipakani **jagung**.
6. Kuthuke sing loro diwenehake **Aji**.
7. Itak diwenehi **loro**.
8. Kuthuke dipakani **menir karo katul**.
9. Endhoge digoreng **Ibu**.

**D. Tuladha:**

- a. Anak ayam namanipun .....
- b. Anak ayam namanipun **kuthuk**.

*Rampungna kaya tuladha!*

1. Anak bebek namanipun !!!...
2. Anak menthog namanipun !!!...

- manuk 3. Anak peksi namanipun ..... P
- 4. Anak kucing namanipun (...)
- apiy 5. Anak segawon namanipun ... H..
- wedo 6. Anak menda namanipun (...)
- Sapi 7. Anak lembu namanipun ... D
- kebo 8. Anak maesa namanipun ...
- jaran 9. Anak kapal namanipun ... B..
- 10. Anak tikus namanipun (...)

**E. Wacanen kang patitis, banjur turunen!**

1. Rus, pitike pakanana!
2. Sur, Hardiman gugahen!
3. Jan, adhimu terna!
4. Le, mangkata saiki bae!
5. Sum, adhimu wenehana separo!
6. Sri, buku iki wenehna Bambang!
7. Pras, pitike cekelen!
8. Lis, dhik Ana salinana!
9. Mur, duren iki caosna Simbah!
10. Yon, Pakdhe aturana tindak rene!

**IV. Wacanen kang patitis!**

**Wulung**

Wulung, wulung, ana wulung.  
 Wulung ing awang-awang.  
 Trondhol, ana wulung!  
 Wulung akekalang.  
 Jalumu thukna ge!  
 Wulung mabur wedi dhewe!

**V. Gambar iki critakna!**

**A.**



**B.**



C.



D.



## Wulangan 4

### II.A. Pacelathon.

#### Tindakna!

#### Raden Gathutkaca karo Buta Rambutgeni

- Buta : He he he he he! Ora ana udan, thik ana bledheg nyamber-nyamber!
- Gathutkaca : Tamatna, iki satriya Pringgadani, dudu bledheg!
- Buta : He he he he he! Bojleng-bojleng, sapa jenengmu?
- Gathutkaca : Bima putra, ya Gathutkaca! Sapa pracekamu, Buta?
- Buta : He lha dalah! Ora ana loro, mung aku sing jeneng Buta Rambutgeni.
- Gathutkaca : Aja ganggu gawe, prajuritku arep liwat!
- Buta : Ora kena liwat ngalas kene! Ayo, balia bae!
- Gathutkaca : Besuk ora gelem, saiki ora gelem!
- Buta : Wani karo aku, Gathut?

Gathutkaca : Rangkepa sayuta, ora bakal  
wedi aku!

Buta : Mudhuna!

Gathutkaca : Munggaha!

Buta : Ora sudi, aku ora bisa!

Gathutkaca : Dakudhuni aja mlayu!

Swara gamelan: Ning ening, ning ening.  
Nung enung, nung enung.  
Dlang gentak, nung gung!

**B.** *Wacanen kang patitis, tembung sing cap-  
capane kandel kedalna sing trep!*

1. Golekna kayu sing dawa.
2. Dawane watara limang meter.
3. Praba duwe kanca.
4. Kancane Praba akeh.
5. Basuki lunga.
6. Lungane karo Taya.
7. Murti teka.
8. Tekane dhek wingi sore.
9. Agung lara.
10. Larane wis telung dina.

~~XB~~

Peng 3 kali

## II. Maca titi



### A. Wacanen batin!

**Raden Gathutkaca karo Buta Rambutgeni**

Raden Gathutkaca satriya ing Pringadani.  
Raden Gathutkaca kondhang peng-peng-  
an, sekti mandraguna. Otot kawat, balung  
wesi, sungsum gegala. Kulit tembaga, driji  
gunting, sikut palu, dhengkul paron.  
Raden Gathutkaca ngagem kotang antra-  
kusuma, marakake bisa mabur tanpa elar.  
Nalika samana Raden Gathutkaca pinuju  
ngarak prajurite. Raden Gathutkaca ngam-

bah gegana. Prajurit liwat ing dharatan. Teka ing alas dialang-alangi buta Rambutgeni. Butane dithothok Raden Gathutkaca, siraha kliyeng-kliyeng. Rumangsane disamber bledheg.

Bareng ngerti yen sing nothok kuwi Raden Gathutkaca, banjur dadi perang. Buta Rambutgeni sabalane kalah kabeh. Ana sing mati, ana sing mlayu.

**(B.) Wangsulana kang patitis!**

1. Raden Gathutkaca iku satriya ing ngendi?

Raden Gathutkaca punika satriya ing

.....

3. Kotang antrakusuma iku bisa marakake apa?

Kotang antrakusuma punika saged murugaken .....

3. Dhengkule Raden Gathutkaca dipindhakake apa?

Dhengkulipun Raden Gathutkaca dipun upamekaken kados .....

4. Ana ing alas Raden Gathutkaca kepe-thuk sapa?

Wonten ing wana Raden Gathutkaca kepapag .....

- (5) Raden Gathutkaca banjur perang karo buta Rambutgeni. Sapa sing menang? Ingkang mimpang .....
6. Satriya iku watake kepriye? Satriya punika remen .....

### **III. Latihan**

#### **A. Tuladha:**

- a. Buta Rambutgeni **dithothok** .....
- b. Buta Rambutgeni **dithothok sirahe**.

*Rampungna kaya tuladha!*

1. Sukir **dijewer** .....
2. Murti **dijambak** .....
3. Uning **dislentik** .....
4. Iwan **diculeg** .....
5. Bagong **ditekak** .....
6. Badri **dicuwowo** .....
7. Manan **dipithes** .....
8. Malinge **dibanda** .....
9. Praba **dijegal** .....
10. Yanti **digablog** .....

#### **B. Tuladha:**

- a. Gathutkaca satriya ing .....
- b. Gathutkaca satriya ing **Pringgadani**.

## *Rampungna kaya tuladha!*

1. Werkudara satriya ing .....
2. Janaka satriya ing .....
3. Nakula Sadewa satriya ing .....
4. Samba satriya ing .....
5. Angkawijaya satriya ing .....
6. Prabu Puntadewa ratu ing .....
7. Prabu Kresna ratu ing .....
8. Prabu Baladewa ratu ing .....
9. Prabu Suyudana ratu ing .....
10. Prabu Dasamuka ratu ing .....

### **C. Tuladha:**

- a. Sukir nonton wayang, Bapak ..... kethoprak.
- b. Sukir nonton wayang, Bapak mriksani kethoprak.

## *Gawenen kaya tuladha!*

1. Iwan ngombe teh, Embah ..... kopi.
2. Wanti mangan rujak, Ibu ..... lotis.
3. Rusmi maca buku crita, Bapak ..... koran.
4. Rambut ngrungokake critane Badrun, Pakdhe ..... radhio.
5. Lasmi tuku buku wacan, Bapak ..... buku catur.

6. Mukti lunga ngaji, Ibu ..... jagong.
7. **Drijine** Ranta keperang, ..... Bulik ke-  
cethit.
8. Aku wis **tangi**, Embah durung .....
9. Bocah-bocah wis padha **teka**, Bu Guru  
durung .....
10. **Tangane** Rusdi kebledhosan mercon,  
..... Bapak kesiram wedang.

**D. Tuladha:**

- a. .... kliyeng-kliyeng.
- b. **Sirahe** kliyeng-kliyeng.

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing ma-  
thuk!*

1. .... cekot-cekot.
2. .... dheg-dhegan.
3. .... kriyap-kriyip.
4. .... krucak-krucuk.
5. .... plerak-plerok.
6. .... klirak-klirik.
7. .... megal-megol.
8. .... glogap-glagep.
9. .... mencap-mencep.
10. .... theklak-thekluk.

#### *IV. Turunen banjur tembangna!*

##### **Dadi Wayang**

Yo, dha dadi wayang.  
Andhi dhang gling gling.  
Andhi ndhang po po.  
Sapa tandhing buta ijo.  
Takcakot nganggo siyung,  
nganggo siyung.  
Irungmu mesthi gerumpung.

#### *V. Gambar iki critakna!*

A.



B.



C.



D.



## Wulangan 5

### *I. A. Pacelathon*

#### *Tindakna!*

### Gawe Topeng

Itak : Hi, aku wedi!

Praba : Ana apa ta, Dhik Tak?

Itak : Kae, ana uwong ilunge gedi, mli-pate bundel abang!

Ibas : Dhik Tak, aja wedi! Wong aku nganggo topeng, kok!

Praba : Copoten, Mas Bas!

Ibas : Ba da la! Rak aku tenan ta, Dhik Tak!

Itak : O iya! Aku ola sida wedi. Nyilih, Mas!

Praba : Aku we, Dhik, sing nyilih! Kowe kegedhen!

Itak : Aku gawekna ya, Mas!

Ibas : Ya, mengko dak gawekke sing irunge dawa. Dhik Praba barang mengko dak gawekke.

Praba : Aku sing ilate melet ya, Mas!

Ibas : Iya, anggere aja nakal!

## ***B. Wacanen kang patitis!***

1. Aku duwe topeng.
2. Topenge dakenggo topengan.
3. Aja seneng pamer.
4. Bocah-bocah padha nonton pameran.
5. Bakal anyar aja disuwek.
6. Iki wis ana suwekan.
7. Aku seneng pelem golek.
8. Pelem golek dadi golekan.
9. Gerbonge wis digandheng.
10. Praba gandhengan karo adhine.

## ***II. Maca titi***

### ***A. Wacanen sing titi!***

#### **Gawe Topeng**

Baswara klas papat SD. Praba klas loro. Itak durung sekolah. Itak isih pelo. Yen omong lucu, nyenengake. Nanging, sok ora ngertekake.

Baswara wis bisa gawe topeng. Topenge medeni. Irunge gedhe, mripate abang mentholo. Untune mringis, nganggo siyung kaya buta.

Bareng dienggo, Itak weruh, wedi. Praba nyedhaki adhine karo takon. Baswara selak mesakake adhine. Topenge banjur di-



bukak. Itak karo Praba ngerti yen sing topengan kuwi Mas Ibas. Itak karo Praba ora sida wedi. Itak karo Praba banjur digawe wewekake topeng. Sing digawe dluwang koran, dielim banjur dicet.

Bocah telu padha topengan lan banjur padha jogedan.

**B. Wangsulana kang patitis!**

1. Sapa sing topengan?  
Inkang topengan .....
2. Sapa sing wedi?  
Inkang ajrih .....
3. Bareng topenge dibukak, Praba karo

Itak kepriye?

Sareng topengipun dipun bikak, Praba kaliyan Itak boten saestu .....

4. Apa topenge Baswara kuwi olehe tu-ku?

Topengipun Baswara punika .....

5. Bocah telu padha topengan karo ke-priye?

Lare tiga sami topengan kaliyan .....

### **III. Latihan**

#### **A. Tuladha:**

a. Baswara ..... topeng.

b. Baswara gawe topeng.

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing cocog!*

1. Siwa ..... klasa.

2. Martini ..... klambi.

3. Parwaka ..... bata.

4. Bulik ..... sarung.

5. Uning ..... kembang.

6. Budhe ..... tempe.

7. Welas ..... sambel.

8. Simbah ..... jamu.

9. Ibu ..... jadah.

10. Iwan ..... wedang.

- |             |             |
|-------------|-------------|
| a. mbunteli | f. nganam   |
| b. nguleg   | g. ndondomi |
| c. mipis    | h. nyithak  |
| d. netel    | i. mbathik  |
| e. nggodhog | j. nandur   |

**B. Tuladha:**

- a. Topeng punika ingkang dipun damel  
.....
- b. Topeng punika ingkang dipun damel  
**dlancang.**

*Rampungna kaya tuladha, pilihèn tembung sing cocog!*

1. Ceret punika ingkang dipun damel .....
2. Caping punika ingkang dipun damel  
.....
3. Banon punika ingkang dipun damel ....
4. Sesupe punika ingkang dipun damel  
.....
5. Meja punika ingkang dipun damel .....
6. Gelaran punika ingkang dipun damel  
.....
7. Ringgit punika ingkang dipun damel  
.....
8. Gangsa punika ingkang dipun damel  
.....
9. Pacul punika ingkang dipun damel .....
10. Reca punika ingkang dipun damel .....

- |             |           |
|-------------|-----------|
| a. mendhong | f. kajeng |
| b. wacucal  | g. jene   |
| c. prunggu  | h. siti   |
| d. tosan    | i. deling |
| e. sela     | j. bleg   |

**C. Tuladha:**

- a. .... mentholo.
- b. **Mripate** mentholo.

*Ceceg-ceceg iki isenana kaya tuladha, pilih-en tembung sing cocog!*

1. .... mbangir.
2. .... tengeng.
3. .... perung.
4. .... nonong.
5. .... wusu.
6. .... bekel.
7. .... gejig.
8. .... ceko.
9. .... gingsul.
10. .... kithing.

**D. Wacanen banjur turunen!**

1. Praba **nyedhaki** adhine karo takon.
2. Irunge **gedhe**, mripate abang mentholo.
3. Sing **digawe** kertas koran.
4. **Putune** dioleh-olehi puthu.

5. Jadahe diwadhahi tampah.
6. Kenthos kuwi atos.
7. Ibu adang ketan.
8. Nursih ngadhang wong dodol bakso.

#### *IV. Apalna banjur tembangna!*

##### **Topeng**

Bapak pocung, mawa mripat mawa irung  
mawa cangkem uga,  
nanging ora duwe kuping,  
yen koenggo kowe mesthi malih rupa.

#### *V. Gambar iki critakna!*


A.




B.



C.



D.



## Wulangan 6

### I. A. Pacelathon

#### Tindakna!

#### Prabu Dewatacengkar

✓ Pk  
Aji : Mas, aku dongengana!

Baswara : Aja nakal, ya!

Aji : Aku pa nakal, Mas?

Baswara : Lha mau, mbalang bathuke dhik Tak!

Aji : Dhik Tak mbalang sikilku dhi-sik!

Baswara : Cah gedhe ya ngalah, no!

Aji : Iya, Mas, besuk maneh ora!

Baswara : Bagus! Takdongengke Prabu Dewatacengkar, ya!

Aji : Prabu Dewatacengkar kuwi bagus, Mas?

Baswara : Huh, medeni! Rupane kaya buta, gawene mangan uwong!

Aji : Emoh, Mas! Aku wedi nek dipangan!

Baswara : Aja wedi! Wong Prabu Dewatacengkar ki saiki wis mati!

Aji : Sing mateni sapa, Mas?  
Baswara : Sing mateni Aji Saka.  
Aji : Ohah hem! Ngantuk, Mas, aku!  
Baswara : Wis turua kana! Sesuk tak terusne dongenge!

***B. Wacanen kang patitis!***

1. a. Aku duwe **kanca**.  
b. **Kancaku** akeh.  
c. **Kancamu** pira?  
d. **Kancane** Mukti pirang-pirang.
2. a. Aku duwe **semangka**.  
b. **Semangkaku** gedhe-gedhe.  
c. **Semangkamu** endi?  
d. **Semangkane** pecahen!
3. a. Aku njaluk **tamba**.  
b. **Tambaku** ana meja.  
c. **Tambamu** apa?  
d. **Tambane** warna-warna.
4. a. Prabu Dewatacengkar malih **rupa**.  
b. **Rupaku** kaya sapa?  
c. **Rupamu** kaya adhimu.  
d. **Rupane** kaya buta.

## *II. Maca titi*



### *A. Wacanen sing titi!*

#### **Prabu Dewatacengkar**

Ing Medhangkamolan ana ratu buta. Jeju-  
luke Prabu Dewatacengkar. Remene dha-  
har jalma manungsa.

Brahmana Ajisaka dedunung ing nagara  
Medhangkamolan. Brahmana Ajisaka re-  
men tetulung. Piyambake saguh didhahar  
Prabu Dewatacengkar. Bareng arep didha-  
har tenan, Ajisaka matur ngajak cangkrim-  
an. Yen Sang Prabu bisa mbatang, Ajisaka

sida kersa didhahar. Yen ora bisa mbatang, Ajisaka nyuwun bebana lemah saiket ambane.

Prabu Dewatacengkar nyagahi. Cangkrimane Ajisaka ngene: Wite adhikih wohe adhakah, wite adhakah wohe adhikih. Prabu Dewatacengkar judheg, ora saged mbatang. Prabu Dewatacengkar trima kalah.

Ajisaka ngaturake batangane. Wite adhikih wohe adhakah iku semangka. Wite adhakah wohe adhikih iku ringin.

Ajisaka sida diparingi lemah. Ikete dijere ng. Pojok loro lor dicekeli Ajisaka, pojok loro kidul diasta Sang Prabu.

Iket kuwi ora semeleh-semeleh ing lemah. Mulur terus, saya ngidul saya ngidul. Bareng tekan gisiking segara kidul, iket kuwi dikebutake Ajisaka. Prabu Dewatacengkar kecemplung ing segara Kidul, malih rupa salah kedaden dadi bajul putih. Bajul putih kuwi dadi balane Nyai Rara Kidul ratune segara Kidul.

### ***B. Wangsulana kang patitis!***

1. Ratu ing Medhangkamolan jejuluk sa-  
pa?  
Ratu ing Medhangkamolan jejuluk ....

2. Prabu Dewatacengkar remen dhahar  
apa?  
Prabu Dewatacengkar remen dhahar  
.....
3. Ajisaka remen apa?  
Ajisaka remen .....
4. Piye cangkrimane Ajisaka?  
Cangkrimanipun Ajisaka ngaten: .....
5. Prabu Dewatacengkar salah kedaden  
malih dadi apa?  
Prabu Dewatacengkar salah kedados-  
an malih dados .....

### **III. Latihan**

#### **A. Tuladha:**

- a. Prabu Dewatacengkar remen dhahar  
**jalma** .....
- b. Prabu Dewatacengkar remen dhahar  
**jalma manungsa**.

*Gawenen kaya tuladha, pilihèn tembung  
sing cocog!*

1. Dosane **tumpuk** .....
2. Sing rukun, aja seneng **tukar** .....
3. Raden Gathutkaca **sekti** .....
4. Wong sadesa **sayuk** ....., **gotong** .....  
ndandani dalan.

5. Olehe nata kayu malang ....., pating blengkrah.
6. Omahe kancingan, sepi ..... ora ana swarane uwong.
7. Sato ..... uga tresna marang anake.
8. Iwan kuwi bocah pinter, sregep tur ngerti tata .....
9. Anoman dikroyok wadya ..... Ngalengka.

- |            |               |
|------------|---------------|
| a. bala    | f. undhung    |
| b. krama   | g. padu       |
| c. kewan   | h. mandraguna |
| d. nyenyet | i. rukun      |
| e. megung  | j. royong     |

### ***B. Tuladha:***

- a. Prabu Dewatacengkar remen **dhahar** dagingipun tiyang.
- b. Prabu Dewatacengkar dhemen **dhahar** daginge uwong.

### ***Gawenen ngoko kaya tuladha!***

1. Embah dereng **rawuh**.
2. Bapak saweg **sare**.
3. Bulik **ngasta** angsal-angsal jeram kaliyan pisang.

4. Bapak **mundhut** buku catur kaliyan majalah.
5. Kala wingi Embah **kondur**, nitih sepur.
6. Kula badhe sowan Pak Guru.
7. Kula dereng mudheng, badhe matur boten wantun.
8. Bapak **mriksani** ringgit tiyang, kula **ndherek**.
9. Embah **nyare** wonten ing griyà kula.
10. Pakdhe **tindak** Surabaya, tuwi Mas Bima.

**C. Tuladha:**

- a. Brahmana punika asmanipun **Ajisaka**.
- b. Brahmana punika asmanipun **sinten?**

*Gawenen pitakon kaya tuladha, nganggo tembung sinten, pinten, utawa punapa!*

1. Bapak <sup>Suapna Berjano akur</sup> **mundhut majalah kaliyan buku catur**.
2. Sabin celak kreteg punika kagungani-pun **Bapak**.
3. Putranipun Pak Mantri **tiga**.
4. Buku punika reginipun **sekawan atus rupiyah**.
5. Ingkang ngagem ageman bathik punika **Pak Camat**.
6. Tegilipun dipun tanemi **wijen**.

7. Ingkang ketingal saking ngriki punika redi Merapi.
8. Anusapati punika putranipun Prabu Tunggul Ametung.
9. Pil punika dipun unjuk sedinten kaping tiga.
10. Lare-lare dipun dhawuhi resik-resik klas.

***D. Wacanen kang patitis banjur turunen!***

1. Bale kecemplung blumbang.
2. Lakune glendheh-glendheh.
3. Pedro tiba glangsan.
4. Kathok lan klambine gluprut blethok.
5. Slamet kae slulup, ora klelep.
6. Lawuhe krupuk karo bothok.
7. Kringete dleweran, ambegane kring-gosan.
8. Jupri tiba kringkangan.

***IV. Wacanen kang patitis banjur tembangna bebarengan!***

**Witing Klapa**

Witing klapa mumpung kita isih mudha  
 Mumpung waras lan sentosa  
 Den siyaga, den sregep anambut karya  
 Dimen tentrem uripira

V. Gambar iki critakna!

A.




B.



C.



D.



# Wulangan 7

## I. A. Pacelathon

### Tindakna!

**Banjir** = R

Swara

kenthong : Thong, thong, thong, thong!  
Thong, thong, thong, thong!

Dibya : Pak, wonten griya kebesmen!

Bapak : Udan-udan kok ana omah ko-  
bong!

Swara

kenthong : Thong, thong, thong, thong!  
Thong, thong, thong, thong!

Dibya : Punika, Pak, wonten ken-  
thong!

Bapak : Kok kaya ping pat ta, Dib?

Swara

kenthong : Thong, thong, thong, thong!

Dibya : Inggih, Pak! Mangga, Pak,  
ngasta ember!

Bapak : Kosik ta! Kenthong papat ki  
rak banjir, dudu omah ko-  
bong!

Swara  
 uwong : Tulung, tulung, tulung, tulung!  
 Banjir, banjir!

Bapak : Lha rak tenan ta Dib! Kowe  
 kudu titen bab kenthong kuwi!

Dibya : Inggih, Pak! Banjir saestu.  
 Mangga, Pak, ngasta prau le-  
 sung!

Bapak : Debog-debog kae digandheng  
 rak ya kena kanggo prau.

Dibya : Ngasta senter, Pak?


Bapak : Iya iya, aja gugup. Kowe ora  
 susah ndherek!

Dibya : Inggih, Pak, kula tengga griya  
 kaliyan Ibu.

***B. Wacanen kang patitis, kedalna kang trep!***

1. a. Aku duwe **jago**.  
 b. Ibu tindak **jagong**.
2. a. Ibu mundhut **kalo**.  
 b. Iki pipa balung **kalong**.
3. a. Bapak ngingu **kebo**.  
 b. Kebone Bapak dicancang ana **ke-  
 bon**.
4. a. Mripate kuyuhan **coro**.  
 b. Ing dhuwur pawon diwenahi **corong**.
5. a. Anak jaran jenenge **belo**.  
 b. Rambut nganggo **belor**.

## II. Maca titi



### A. Wacanen sing titi!

#### Banjir

Nengah-nengahi mangsa rendheng jawahipun nggrejeh. Kalih dinten kalih dalu sasat tanpa terang. Najan namung riwis-riwis meksa klemlambi.

Ing pundi-pundi mendhungipun ketingal nggandhul. Najan taksih siyang ketingal peteng remeng-remeng.

Kala samanten kepireng swanten umyung, swantenipun kenthong. Eneripun swanten

saking dhusun-dhusun ing sapinggripun lepen. Tetela bilih kenthong punika kenthong tandha banjir.

✓ Tiyang-tiyang lajeng sami cancut tetulung. Wonten ingkang mbekta baita lesung, wonten ingkang mbekta gethekan debog. Ingkang sami pinter nglangi sami ngrubyuk boten mawi baita.

**B. Wangsulana kang patitis!**

1. Nalika samana pinuju mangsa apa?  
Nalika samanten pinuju mangsa .....
2. Udane kepriye?  
Jawahipun deres sanget, kalih dinten kalih dalu .....
3. Mendhunge kepriye?  
Mendhungipun .....
4. Nalika samana keprungu swara apa?  
Nalika samanten kepireng swanten .....
5. Sing padha tetulung padha nggawa apa?  
Ingkang sami tetulung sama mbekta .....

### III. Latihan

#### A. Tuladha:

- a. Kowe arep menyang ngendi, wong udan ..... ngene?

b. Kowe arep menyang ngendi, wong udan nggrejeh ngene?

*Isenana kaya tuladha, pilihèn tembung sing cocog!*

1. Wong **peteng** ..... ngene kok ora gelem nggawa obor.
2. Genah **padhang** ..... kok kandha wedi, sing kowedeni apa?
3. Isih **sore** ..... kok wis ngorok senggarsenggur.
4. **Esuk** ..... aku wis tangi.
5. Tandure **ijo** .....
6. Kulite **ireng** ..... kaya dhuwet mateng.
7. Raine **abang** ..... marga kepanasen.
8. **Ketiga** ..... lemah-lemah padha nela.
9. Kok **sepi** ..... bocah-bocah padha menyang ngendi?
10. Kolahe **asat** ....., durung diiseni.
  - a. nggereng
  - b. nyenyet
  - c. ngerak
  - d. mbranang
  - e. thuntheng
  - f. ndhedhet
  - g. ndhrandhang
  - h. enteh
  - i. umun-umun
  - j. royo-royo

**B. Tuladha:**

- a. .... banjir.
- b. Kaline banjir.

*Isenana kaya tuladha!*

- |                      |                |
|----------------------|----------------|
| 1. .... angslup.     | a. manuke      |
| 2. .... ndadari.     | b. jagone      |
| 3. .... asat.        | c. babone      |
| 4. .... menga.       | d. angine      |
| 5. .... umob.        | e. udane       |
| 6. .... ngoceh       | f. banyune     |
| 7. .... kluruk.      | g. lawange     |
| 8. .... memeti.      | h. sumure      |
| 9. .... semribit.    | i. rembulane   |
| 10. .... saya deres. | a. srengengene |

**c. Tuladha:**

- Kula **dipun dhawuhi** Bapak tengga griya.
- Aku **didhawuhi** Bapak tunggu omah.

*Ngokokna kaya tuladha!*

- Kula **dipun utus** Bapak tumbas kaos lampu.
- Dhik Bambang **dipun dukani** Embah.
- Kula **dipun paringi** Bulik buku waosan.
- Mas Pamuji **dipun timbali** Pakdhe.
- Kula **dipun dhawuhi** Ibu nata lemantun.
- Embah **dipun caosi** Bulik sande Peka-longan.

7. Jampinipun sampun **dipun unjuk** Embah.
8. Pisangipun **dipun dhahar** Pakdhe.
9. Kula **dipun dangu** Bu Guru, punapa Ibu wonten griya.
10. Bapak **dipun wungu** amargi wonten tamu.

#### ***D. Wacanen banjur turunen!***

1. Kae swara apa?
2. Wanti tuku kwaci.
3. Swarane pating krompyang.
4. Swarane kenthong umyung.
5. Sing pinter nglangi ngrubyuk, ora nganggo prau.
6. Yen adus kosokan, aja mung byar-byur!
7. Pratiwa tuku ampyang.
8. Piringe tiba, sumyur dadi sawalang-walang.

#### ***IV. Tembangna bebarengan!***

##### **Durma**

Ora mundur weruh banyu lembak-lembak,  
wong tandang ngetoh pati,

tan etung bebaya,  
banyu tinrajang sigra,  
mlebu ngomah anulungi,  
kang padha kalap,  
den usung metu jawi.

*v. Gambar iki critakna!*


A.



B.



C.



D.



## Wulangan 8

### I. A. Pacelathon

#### *Tindakna!*

#### Cangkriman

- Praba : Mas Bas, takbedheki ya!
- Baswara : Iya! Kok elok Dhik, kowe nantang cangkriman.
- Praba : Ora nantang kok! Aku ajar kabeben pinter!
- Baswara : Iya iya. Ning sok-sok aku ya ora ngerti lho!
- Praba : Apa iya? Coba ya!
- Baswara : Iya.
- Praba : Anake jaritan, emboke malah wuda, apa Mas?
- Baswara : Ya saru no! Sing tuwa kok malah wuda. Kleru sajake, Dhik!
- Praba : Ora bae yen kleru!
- Baswara : Wis, Dhik, aku trima kalah. Coba aku tuduhana!
- Praba : Pring kae lho, Mas. Rak wuda ta, wong ora ana slumpringe. Ning anake rak malah jaritan.

Baswara : O iya, bung pring kae isih ana slumpringe.

Saiki genti, kowe takbedheki. Dikethok malah mundhak dhuwur.

Apa hara? Ha ha ha ha ha!

Praba : Wah kok terus diengel-engel! Ora ana kuwi!

Baswara : Ana bae! Kathok kae yen kedawan, dikethok ngisor rak saya munggah dadi dhuwur, ta!

Praba : Ha ha ha! Iya iya! Wis ah, Mas, kesel aku!

**B. Wacanen kang patitis, kedalna sing trep!**

1. a. Aku **tuku** pitik.  
b. Pitikku **tukung**.
2. a. Bapakku **guru**.  
b. **Gurungku** lara.
3. a. Pitikku **kuru-kuru**.  
b. Pitike Praba **dikurung**.
4. a. Murti ngethoki **kuku**.  
b. Tanganku **dakkukur**, nglecep.
5. a. Kowe milih endhas apa **pupu**?  
b. Uler kuwi ngrikiti **pupus** gedhang.

## II. Maca titi



### A. Wacanen sing titi!

#### Cangkriman

1. Aku gumun, ana gedhang nunggang kupu.  
Kinjeng nggeret lintang.  
Macan kerah disendhoki.  
Kuping lawa dipangan bocah sekolah.
2. Aja umuk, omonganmu kok ngethupyuk.  
Kuwi apa nyata.


Coba aku kokandhani.

Neka-neka yen ngapusi kowe dosa.

3. Dene iku, ana gedhang nunggang kupu.  
Iku gedhang raja.  
Kupu gajah kowe ngerti.  
Batangane ana raja nunggang gajah.
4. Mau iku, kinjeng kebo lintang luku.  
Dene macan kerah,  
soto campur tahu guling.  
Kuping lawa iku arane panganan.

***B. Wangsulana kang patitis!***

1. Ana gedhang nunggang kupu, iku apa batangane?  
Pisangipun pisang ....., kupunipun kupu .....
2. Ana kinjeng nggeret lintang, iku kepriye karepe?  
Kinjengipun kinjeng ....., lintangipun lintang .....
3. Ana macan kerah disendhoki, iku apa karepe?  
Macan kerah punika .....
4. Kuping lawa kok dipangan bocah se-



kolah, ikú apa?

Kuping lawa punika .....

5. Coba gawea cangkriman siji bae lan kandhakna pisan apa batangane!

### **III. Latihan**

#### **A. Tuladha:**

- a. **Kuping lawa punika namanipun .....**
- b. **Kuping lawa punika namanipun tetedhan.**

① *Ukara-ukara iki rampungna kaya tuladha!*

1. **Naga sari punika namanipun .....**
2. **Semar mendem punika namanipun .....**
3. **Jaka belek punika namanipun .....**
4. **Bima sekti punika namanipun .....**
5. **Gubug penceng punika namanipun .....**
6. **Rujak senthe punika namanipun .....**
7. **Udan riris punika namanipun .....**
8. **Cocor bebek punika namanipun .....**
9. **Kebo giro punika namanipun .....**
10. **Raja lele punika namanipun .....**

#### **B. Tuladha:**

- a. .... iki batangen!
- b. **Cangkriman iki batangen!**

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing cocog!*

1. .... iki wangsulana!
2. .... iki wacanen!
3. .... iki ongotana!
4. .... iki ungkalen!
5. .... iki kikiren!
6. .... iki tawunen!
7. .... iki wirunen!
8. .... iki plangkanana!
9. .... iki timpalen!
10. .... iki srumbaten!

- |             |             |
|-------------|-------------|
| a. krambil  | f. potelot  |
| b. pitakon  | g. jarik    |
| c. tlethong | h. peso     |
| d. layang   | i. blumbang |
| e. gambar   | j. graji    |

**C. Tuladha:**

- a. Nursih .... naga sari.
- b. Nursih **mangan** naga sari.

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing cocog!*

1. Wanti .... layang.
2. Ibu .... nyamping.
3. Ambar .... gambar.
4. Uning .... krambil.
5. Bambang .... blumbang.

6. Bayu ..... lampu.
7. Bapak ..... gedhang.
8. Murni ..... kuku.
9. Rani ..... jamu.
10. Mursid ..... memeyan.

**D. Wacanen kang patitis, banjur turunen!**

1. Irunge Dhidhit keleton klentheng.
2. Klambine Landhung kecanthol paku.
3. Badrun numpak dhokar mubeng kutha.
4. Kodhoke theyat-theyot ana pinggir blumbang.
5. Aku nemu thukulan dhondhong.
6. Thokolane diwadhahi wakul.
7. Pinuju padhang rembulan aku gawe dolanan nini thowok.
8. Ana manuk bidho methangkring ing wit randhu alas.
9. Gudhege dicampuri daging thethelan.
10. Murti linggih dhingklik, siraha theklak-thekluk.

**IV. Tembangna bebarengan!**

**Nyata Kowe Wasis**

Nyata kowe wasis sis.  
Batangen sing gelis lis lis lis!

Cangkriman telu iki.

Pitik ndhase telu, batangane apa?

Jangkrik sungut slawe, batangane apa?

Bapak demang mang klambi abang bang bang  
bang.

Disuduk manthuk-manthuk.

V. *Gambar iki critakna!*

A.



B.



C.



D.



## Wulangan 9

### I. A. Pacelathon

#### *Tindakna!*

#### Nanem Tomat

Retna : Mas Bambang!

Bambang : Apa, Ret!

Retna : Aku nandur tomat kok mati terus!

Bambang : Apa ora kok sirami?

Retna : O, taksirami terus!

Bambang : Coba tak nonton!

Retna : Lha kae ta, alum!

Bambang : Olehmu nandur kapan ta, Ret?

Retna : Dhek awan, olehku njaluk Nining!

Bambang : Lho kok wis ana wohe?

Retna : Mau aku nyempal pange sing ana wohe, terus taktancepke.

Bambang : Ha ha ha! Lucu kowe, Dhik. Mesthi bae mati!

Retna : Lha piye ta, Mas, kudune?

Bambang : Nandur tomat kuwi ngene. Isine didhedher, yen wis thukul dielih, ditandur arang-arang.

Retna : Aku mengko wurukana ya,  
Mas!

Bambang : Iya, saiki sinaua liyane dhisik!

**B. Wacanen kang patitis, kedalna sing trep!**


- 26  
Kali
1. a. Yen seret ngombea dhisik.  
b. Cete abang diwenehi seret putih.
  2. a. Banyu saceret iki kena kanggo nelesi prangko.  
b. Nggodhoge wedang saceret.
  3. a. Mangsa ketiga sumber-sumber padha pepet.  
b. Sajane wedi, bareng kepepet dadi wani.
  4. a. Gegerku gatal, kukurna!  
b. Bocah kok padha geger kae geneya ya?
  5. a. Ibu mundhut lemper karo jadah.  
b. Lemper iki sing digawe watu.

**II. Maca titi**

**A. Wacanen sing titi!**

**Nanem Tomat**

Retna adhinipun Bambang. Retna klas kalin SD, Bambang klas sekawan. Retna re-



men nanem-nanem, nanging sok-sok klen-  
tu caranipun. Sampun nate Retna nanem  
tomat, caranipun klenku. Tomat ingkang  
sampun awoh dipun sempal saepang. Pang  
sempalan punika lajeng dipun tanem.  
Ngertos-ngertos alum. Dipun sirami taksih  
alum kemawon. Malah ronipun lajeng ron-  
tog. Makaten wongsal-wangsul, uger na-  
nem tomat tentu pejah.

Bambang sumerep anggenipun nanem to-  
mat adhinipun caranipun klenku. Adhini-  
pun lajeng dipun wuruki.

Bambang mendhet tomat mateng satung-  
gal. Tomat punika dipun pecah, dipun pen-

dhet isinipun. Isi tomat punika dipun sebar wonten ing siti sacelakipun genthong. Watawis satunggal minggu isi tomat punika thukul. Sareng sampun umur kalih minggu dipun jabuti, dipun elih ing kebon. Nanemipun dipun eleti satunggal meter. Satunggal minggu sepisan taneman punika dipun rabuk mawi "ganda sil".

Bambang lan Retna gumatos sanget dhateng tanemanipun. Saben dinten tanemanipun dipun sirami.

### **B. Wangsulana kang patitis!**

1. Retna kuwi sapa?

Retna punika adhinipun *Bambang*

2. Retna nandur apa?

Retna nanem .....

3. Geneya enggone nandhur tomat Retna mati-mati bae?

Amargi caranipun nanem ....., ingkang dipun tanem .....

4. Nandur tomat kuwi sing ditandur apa ne?

Nanem tomat punika ingkang dipun tanem .....

5. Piye carane ngupakara tanduran tomat yen isih cilik?

Seminggu sepisan dipun ....., lan saben dinten dipun .....

### III. Latihan

#### A. Tuladha:

- a. Pang pelem punika .....
- b. Pang pelem punika sempal.

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing cocog, kaya tuladha!*

1. Pentil jambu punika sami .....
2. Tangsulipun .....
3. Potelotipun Wisnu .....
4. Piringipun dhawah, .....
5. Sarungipun kecanthol pager, .....
6. Bendunganipun .....
7. Praunipun .....
8. Ceret punika ....., badhe kula patrek-aken.
9. Kupingipun ..... amargi suwengipun kagengen.
10. Genthong punika ....., mila toyanipun rembes.

a. bedhah

b. bocor

c. borot

d. dawir

e. benthet

f. suwek

g. pecah

h. tugel

i. pedhot

j. gogrog

**B. Ukara-ukara iki rampungna!**

1. Isi asem namanipun .....  
2. Isi duren namanipun .....  
3. Isi nangka namanipun .....  
4. Isi salak namanipun .....  
5. Isi pelem namanipun .....  
6. Isi sawo namanipun .....  
7. Isi kluwih namanipun .....  
8. Isi randhu namanipun .....

- |              |            |
|--------------|------------|
| a. klentheng | e. kecil   |
| b. klungsu   | f. beton   |
| c. bethem    | g. pelok   |
| d. pongge    | h. kenthos |

**C. Tuladha:**

- a. tomat – Retna – nandur  
b. Retna nandur tomat.

*Raciken dadi ukara, kaya tuladha!*

1. Bambang + tanemanipun – ngupakara  
2. Bambang + tanemanipun – lema-lema  
3. wohipun + tomat – mbiyet – punika  
4. Bambang – Retna – adhinipun – punika.  
5. kula – mbakyu – pramugari – dados  
6. kula – bapak – guru  
7. Pakdhe – gangsal – maesanipun

8. pitulukur – Jupri – bebekipun
9. nigan – Jupri – dereng – bebekipun
10. lawuhipun – tomat – sambel

***D. Wacanen kang patitis banjur turunen!***

1. Sapa **njedhodhot** ana ngiringan omah kae?
2. Pitike **nyekukruk** ora gelem mangan.
3. Uning **nggoreng** krupuk.
4. Jupri **nggiring** bebek.
5. Tarta **mbedhol** tela.
6. Panut **mbetheti** welut.
7. Nursih **ndandani** adhine.
8. Tamsir **ndhudhuk** gangsir.
9. Aku rewangana **njungjung** meja iki!
10. Sapa **nyurung** montor mogok kae?

***IV. Tembangna bebarengan!***

**Megatruh**

Yen woh-wohan enak mentah iku timun,  
legi wangi iku kweni,  
manggis enak blibaripun,  
pelem enak mateng ati,  
salak enak rada bosok.

V. Gambar iki critakna!

A.



B.



C.



D.



## Wulangan 10

### 1. A. Pacelathon

#### Tindakna!


~~Watuk~~ WW

- 1 Sasana : Uhuk, uhuk, uhuk!  
2 Ibu : Apa Sas sing kogawa kuwi?  
3 Kuntadi : Es, Bu!  
4 Ibu : Piye ta, Kun, adhike kok ditu-  
kokake es?  
5 Sasana : Uhuk, uhuk, uhuk!  
6 Kuntadi : Kula boten ngertos, Bu!  
7 Sasana : Bu, tula tambah eh. Uhuk,  
uhuk!  
8 Ibu : Hara ta! Kene, Lik, ese diasta  
Ibu!  
9 Sasana : Tampun telah, Bu. Uhuk, uhuk!  
10 Kuntadi : Dhik Sas dipun jampeni kema-  
won, Bu!  
11 Ibu : Kae, jupukna sirup obat batuk  
ana lemari obat kae!  
12 Sasana : Dipun obati, Bu? Uhuk, uhuk,  
uhuk!  
13 Ibu : Enya Sas, iki diemik, legi kok,  
Lik!  
14 Sasana : Endih, Bu!

**B. Wacanen kang patitis, kedalna sing trep!**

1. a. Aku duwe sada.  
b. Ayo dolanan gobag sodor.
2. a. Tana nata bata.  
b. Totok tuku teh botol.
3. a. Aja seneng gawe mala.  
b. Karet bisa molor.
4. a. Raden Setyaki didherekake para wadya bala.  
b. Bakal iki ciri bolong.
5. a. Gedhange dipangan lawa.  
b. Olehe sinau ora tau lowong.

**II. Maca titi**



## **A. Wacanen sing titi!**

### **Watuk**

Sasana dereng gadhah duga. Dipun tuturi dereng mudheng. Asring sanget Sasana ngendheg bakul tetedhan. Ngertos-ngertos sampun nyomak-nyamuk kaliyan nudingi bakulipun. Sampun nate Sasana ngendheg tiyang sade es, lajeng nembung tumbas. Sasana dipun lungi es. Ingkang sade lajeng nyuwun arta dhateng tiyang sepuhipun. Sasana lajeng watuk-watuk. Sasana dipun ombeni sirup obat batuk sedinten kaping tiga, satunggal sendhok teh. Sekawan dinten Sasana saweg mantun watukipun.

## **B. Wangsulana kang patitis!**

1. Sasana lara apa?  
Sasana sakit .....
2. Geneya Sasana lara watuk?  
Amargi Sasana ngombe .....
3. Sasana ditambahi apa?  
Sasana dipun jampeni .....
4. Larane nganti pirang dina?  
Sakitipun ngantos .....

### III. Latihan

#### A. Tuladha:

- a. Kowe kuwi mangan apa Rus, kok .....
- b. Kowe kuwi mangan apa Rus, kok nyomak-nyamuk?

*Ceceg-ceceg iki isenana tembung sing cocog!*

1. Kowe kuwi nggoleki apa Sri, kok .....
2. Kowe kuwi nesoni sapa Dul, kok .....
3. Sing lara apamu Ris, kok .....
4. Apa kowe ora bisa omong, kok mung .....
5. Ayo, lakumu rada rikat sethithik, aja .....
6. Apa kowe ngelih, nyambut gawe kok .....
7. Tinimbang ngantuk ....., mapana turu kana bae!
8. Ngati-ngati lho, dhek mau awan ana wong ....., saba kene!
9. Kowe kuwi nggeguyu apa, kok .....

  - a. glegas-gleges
  - b. glibad-glibed
  - c. theklak-thekluk
  - d. klelad-kleled
  - e. klular-klulur
  - f. clilang-clileng

- g. prengat-prengut
- h. pringas-pringis
- i. monthak-manthuk
- j. gedhag-gedheg

**B. Tuladha:**

- a. Jampi punika badhe **dipun caosaken** Embah.
- b. Jamu iki arep **dicaosake** Embah.

*Ngokokna kaya tuladha!*

1. Kula **dipun pundhutaken** Bapak buku catur.
2. Bapak **mundhut** buku catur, **dipun pa-ringaken** kula.
3. Pakdhe **tindak** Surabaya, **dipun dherekaken** Mas Bawa.
4. Prakawis punika sampun **dipun dhawuhaken** Pak Guru dhateng murid-murid.
5. Bab punika sampun wongsal-wangsul **dipun ngendikakaken** Pak Lurah.
6. Tas kula **dipun astakaken** Bulik.
7. Ibu **mundhut** sande, badhe **dipun caosaken** Embah.
8. Anggen kula raosan **dipun midhange-taken** Pak Guru.

### **C. Tuladha:**

- a. ngombe – Sasana – obat watuk
- b. Sasana ngombe obat watuk.

### **Gawenen ukara kaya tuladha!**

1. layangan – ngundha – Badrun
2. bajing – krambil – ngrikiti
3. jendhela – njugil – malinge
4. ngguyang – jaran – Rapingun
5. Nursih – endhog – ndadar
6. limun – Parmun – ngombe
7. nguras – kolah – Yahman
8. Maryati – klambi – ndondomi
9. semangka – nandur – Siwa
10. nemoni – Binu – tamu

### **D. Wacanen sing patitis banjur turunen!**

1. Badhe tindak pundi, Pakdhe?
2. Pakdhe punapa wonten ndalem, Bu-dhe?
3. Punika bukunipun sinten, Mas?
4. Punapa kula kepareng ndherek, Bu?
5. Jampinipun sampun dipun unjuk, Mbah?
6. Dhik, punika tasipun sinten?
7. Mbak, Mas Bima punapa wonten?
8. Mbah, Bulik tindak pundi?

9. Bulik, Dhik Bawa punapa sampun bi-dhal?
10. Mas, Mbak Ratih punapa sampun mantun?

***E. Wacanen banjur turunen!***

1. Rus, adhimu goncengna!
2. Sri, lampune sumeden!
3. Mbang, pitike pakanana!
4. Jan, adhimu paranana!
5. Mur, krambile paruten!
6. Ning, potelot iki ongotana!
7. Nung, pitike cekelen!
8. Ris, kolahe kurasen!
9. Ton, adhimu tarinen!
10. Sum, entenana!

***IV. Tembangna bebarengan!***

**Bocah-bocah Dolan**

Bocah-bocah dolan dha mrenea!  
Padhang-padhang mbulan kaya rina.  
Latारे jembar njinglang padhange.  
Kareben bingar akeh rewange.  
Ayo padha keplok plok: Surak hore!  
Ayo padha keplok plok: Surak hore!

V. Gambar iki critakna!


A.




B.





C.



D.











7000